# BAS MAQALA

## МӘНАЎИЙ РЕФОРМАЛАРДЫҢ БАС МАҚСЕТИ – ЖАҢА ӨЗБЕКИСТАН

**С.Абаев –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.А.Якубов –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**Е.Алламбергенов –** *педагогика илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Мәнаўият жәмийеттиң сиясий, экономикалық ҳәм руўхый раўажланыўына күшли тәсир жасайды. Адамзат тарийхы соны көрсетеди, егер мәнаўият ҳәр тәреплеме беккемленип, байып барса, әлбетте жәмийет табыслы алға илгерилейди, ҳәр қандай қыйыншылықты жеңип жаңа басқышларға ериседи. Керисинше, қай жерде мәнаўият жарлыланып барса, жәмийетлик раўажланыў сәтсизликке ушырайды, халықтың дағдарыслардан шығыўы қыйынласады. Соның ушын да бир нәрсе анық – уллы шеклерге умтылған халық, мәмлекет өзиниң руўхый күш-қуўаты болған күшли мәнаўиятына, оның тийкарында қәлиплесетуғын миллий идея ҳәм идеологиясына ийе болыўы керек.

Бугинги кунде Бизиң бас максетимиз Жаңа Өзбекстанды қәлиплестириў, Үшинши Ренесансқа ерисиў болып табылады. Бул ўазыйпаны әмелге асырыў тек сиясий ҳәм экономикалық мәселелерди шешиў менен ғана шекленбейди.

Оның ең жуўапкерли, қурамалы мәселеси бул халқымыздың, ҳәрбир инсанның жаңа уллы мақсетлерге – демократиялық, пуқаралық жәмийет, ҳуқықый мәмлекет қурыў талапларына сай келетуғын мәнаўий-руўхый дүньясын қәлиплестириў болып табылады. Мине, усы шынлық есапқа алынып **«2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы»**нда ҳәзирги қурамалы дәўирдеги мәнаўий- мәрипий ислерге, әсиресе, жаслар тәрбиясына айрықша итибар берилди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев мәселениң усы тәрепине айрықша дыққат аўдарып, 2021-жыл 19-январь куни болған мәнаўий-мәрипий жумыслар дизимин түп-тийкарынан жетилистириў, бул бағдарда мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң бирге ислесиўин күшейтиў мәселелери бойынша видеоселектор мәжилисинде былай деген еди: "**Егер экономика жәмийеттиң денеси болса, оның жаны ҳәм руўхы мәнаўиятдур. Биз Жаңа Өзбекстанды қурыўға қарар еткен екенбиз, еки беккем үстинге таянамыз. Биринщиси – базар принциплерине тийкарланған күшли экономика.**

**Екиншиси – ата-бабаларымыздың бай мийрасы ҳәм миллий қәдириятларына тийкарланған күшли мәнаўият".**

Ҳәзир биз жаңа жәмийетлик қатнасықларға өтиўдиң жуўапкерли дәўиринде, атап айтқанда, жана Өзбекстанды пайда етиў, Үшинши Ренесанс тийкарларын жаратыў басқышында турыппыз. Буныңдай дәўирде мәнаўияттың роли айрықша болады. Өйткени ол инсан ҳәм жәмийеттиң жасаўының, миллеттиң гүллениўиниң баслы шәрти. Егер руўхыйлық раўажланып, байып барса, әлбетте жәмийетимиз табыслар менен алға илгерилеп барады.

"Маънавият" сөзи арабша болып, "Маъна" – мәнис ҳәм адам қәлбинде жасаўшы "ақыл" түсиниклеринен пайда болған. Қандай болғанда да, "маънавият" сөзи адамның инсаныйлық мәнисин, ишки қәлбин белгилеўши түсиник. Тек инсан ғана ең жетик мақлуқ сыпатында мәнаўиятқа, руўхыйлыққа ийе, ол усы қәсийети менен тиришиликтиң басқа көринислеринен ажыралып турады.

"Маънавият" ҳәр бир адамдағы адамгершиликтиң, инсаныйлықтың өлшеми. Адам өзин қоршаған дүньяның мәнисин билиў, өз әтирапындағы басқа адамлардағы ҳәм өзиндеги инсаныйлықты сезиў жәнe қабыл етиў ҳәм турмыста әмелге асырыў арқалы саналы мийнет процессинде мәнаўиятқа ийе болып, оны жетилистирип барады.

Мәнаўият ҳәр бир инсанның ишки әлеми, онда адамның дүньяға көзқарасы, оның басқа адамлар ҳәм улыўма жәмийет пенен өз ара қатнасықларының мәниси ҳаққындағы идеялары, сана-сезимлери жәмлескен. Мәнаўият барлық адамға тән. Онда халықтың жасаў жағдайларына, тарийхый тәғдирлерине ҳәм бугинги күнине байланыслы өзине тән руўхый айрықшалықлары сәўлеленеди. Мине усылардан улыўма инсаный мәнаўият, миллий мәнаўият деген түсиниклер келип шығады.

Мәнаўият – бул адамның ишки, руўхый дүньясы ол адамның өзин қоршаған дүнья, жәмийетлик қатнасықлар ҳаққындағы, жәмийетте адамлардың жасаў тәризи ҳәм бирбири менен мүнәсибетлери ҳаққындағы ой-пикирлериниң системасы болады. Мәрипет болатуғын болса, әлем, инсан ҳәм жәмийет ҳаққындағы билимлер системасынан ибарат.

Материаллық затлар адамға физикалық азық ҳәм қуўатлылық беретуғын болса, мәнаўият оған руўхый азық ҳәм қудирет бағышлайды.

Тилимизде "Мәнили адам" деген гәп бар, оған адам баласы ериссе уллы бахыт болып табылады, ал керисинше "биймәни" адам деп аталса, ҳайўан сыяқлы екенсең деў менен барабар болады. Инсан тәбияттың жоқары дөретпеси, оның жетилискен санаға ийе екенлиги. Мәнаўият – бул инсан көрки, оның ишки ҳәм сыртқы дүньясының көриниси, руўхый ҳәм ақыл дүньясының жемисидур.

Мәнаўият инсан ҳәм жәмийет мәдениятының негизи, инсан ҳәм жәмийетлик турмыс бағдарының бас тиреги болып табылады. Демек, мәнаўият жәмийетлик-сиясий, экономикалық турмыстың қәлиплесиўине, өзгериўине айлана баслайды.

Мәнаўият адамларға туўры жол көрсетеди, өмирдиң мәниси тек байлық арттырыў ғана емес, ал адамгершилик, инсаплылық, ийманлылық екенлигин бәрҳама ядқа салып турады, адамзат өмирине турақлылық, аманшылық бағышлайды, қыйыншылықлардан шығыўдың жолларын көрсетеди.

Биринши Президентимиз Ислам Каримов мәнаўият туўралы пикир жургизип, оны инсанды руўхый пәклениуге, қәлбиниң улғайыўына шақыратуғын, адамның ишки дүньясын, еркин беккем, ийманын путин ететуғын, хүжданын оятатуғын теңсиз уллы күш, оның көзқарасларының өлшеми болады деп есапланған еди.

Миллий мәнаўиятымыздың қәлиплесиўинде уллы атабабаларымыз дөреткен бийбаҳа мәдений мийрас, халқымыздың миллий дәстүрлери ҳәм үрп-әдетлери, ата-бабаларымыз мың жыллар даўамында исенип келген диний исламый қәдириятлар, сондай-ақ, улыўма инсаный қәдириятлар тийкар болған.

Мәнаўияттың баслы қурамы болған миллий идея ҳәм идеология арқалы миллеттиң, жәмийеттиң, мәмлекеттиң раўажланыў жолы, алда турған мақсетлери ҳәм оларды әмелге асырыў жоллары белгиленеди. Ата-бабаларымыз бул тарийхый ҳақыйқатлықты дурыс түсинген. Уллы бабамыз Әмир Темурдың Ўатанымызды азатлыққа еристирип, қудиретли мәмлекет, әдалатлы жәмийет дүзиўиниң баслы себеби, ол халықтың мәнаўий дүньясын, әдиўли идеяларын өзинде сәўлелендирген ҳәр тәреплеме тийкарланған дәстүрлик режелерге – миллий идеяға ийе болған.

Президентимиз мәмлекетимиздиң идеологиясын мәнисин көрсетип былай деди: **"Биз жаратып атырған жаңа Өзбекстанның идеологиясы әдиўлилик, адамгершилилик, гуманизм идеясы болады. Идеология дегенде, бәринен бурын, пикир тәрбиясын, миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлар тәрбиясын тусинемиз. Олар халқымыздың неше мың жыллық турмыслық түсиник ҳәм қәдириятларына тийкарланған"**

XXI әсирдиң бас гезинде әмелге асып атырған глобаллasыў процесслери, илим ҳәм техниканың табыслары, атап айтқанда, интернет дизими халықаралық бирге ислесиўге ҳәм интеграцияның раўажланыўына кең жол ашып берип атырғаны ҳәммеге белгили. Усының менен бирге, адамзат бул табыслардан айрым сиясий экстремистлик күшлер ғәрезли мақсетлерин әмелге асырыў ушын идеологиялық қурал сыпатында пайдаланыўға урынып атырғанының да гүўасы болмақта. Президентимиз айтқанындай, миллий өзлик ҳәм мәнаўий қәдириятларға қарсы қәўип-қәтерлер барған сайын артпақта. Тек өзин ойлаў, мийнетке, шаңараққа жеңил қараў, тутыныўшылық кейпияты түрли жоллар менен адамлар, әсиресе, жаслардың санасына шеберлик пенен сиңдирилмекте.

Терроризм, экстремизм, трансмиллий ҳәм кибержынаятшылық, адам саўдасы, наркотрафик сыяқлы қәўип-қәтерлер артып бармақта. Мине, усындай жағдайда пуқараларымызды, биринши гезекте жасларымызды қорғаў, ғәрезли күшлердиң түпкиликли нийетлерин ашып таслаў, баслысы пуқараларымызда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў ўазыйпасын шешиў кешиктирип болмайтуғын ўазыйпаға айланған. Бул ушын үзликсиз мәнаўий-мәрипий тәрбия жумысын әмелге асырыўымыз шәрт. Өйткени, Президентимиз айтқанындай **“Тәрбия, тәрбия, тек ғана тәрбия есабынан”** мақсетке ерисе аламыз.

Мәнаўият ген арқалы өтетуғын туўма қәсийет емес. Ол жәмийетлик орталықта қәлиплеседи. Соның ушын да, мәнаўият туўралы сөз еткенде биз бәринен бурын мәнаўий-идеологиялық тәрбияны көз алдымызға келтиремиз, ал бундай тәрбия дегенде адамларымыздың руўхый дүньясын байытыўды, оларда әдеп-икрамлық, ҳәр тәреплеме мәнаўий жетиклик сыпатларын қәлиплестириўди түсинемиз. Ғәрезсизлик жылларында елимизде мәнаўий-идеологиялық жумысларды алып барыў системасы қәлиплести. 1994-жылы Өзбекстан Республикасы «Мәнаўият ҳәм мәрипат орайы» дүзилди. Сол жылы Қарақалпақстанда да усы орайдың бөлими дүзилип, ол «Руўхый мәдениият ҳәм ағартыўшылық» жәмәәтшилик орайы деп аталды. Орай Республикамызда идеологиялық, мәнаўий-тәрбиялық жумысларды шөлкемлестириўде көзге көринерлик жумысларды алып барды, үгит-нәсият пенен шуғылланыўшы хызметкерлерди методикалық ҳәм методологиялық роль атқарды.

Қарақалпақстанда орайдың биринши басшысы елимиздиң сүйикли перзенти, Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов болды.

2006-жылы Республикалық мәнаўият ҳәм мәрипет Кеңеси, оның жанында «Мәнаўият үгит-нәсиятлаў орайы» дүзилди. Соңғы бес жылда елимизде әмелге асырылған кең көлемли реформалар, дөретиўшилик ҳәм мәнаўий-мәрипий жумыслар нәтийжесинде халқымыздың сана-сезими, дүньяға көзқарасы заман талабына ылайық өзгермекте. **«Миллий тиклениўден – миллий раўажланыўға қарай»** атлы турмыслық идеяны басшылыққа алып **«Жаңа Өзбекстан»** жаратылмақта. Әсиресе, жаслар тәрбиясына айрықша дыққат аўдарылып, оларды түрли басқыштағы билимлендириў системасы ҳәм жумыс пенен тәмийинлеўде соңғы жылларда оғада әҳмийетли илажлар әмелге асырылмақта. Бул тараўда унамлы нәтийжелерге ерисиўде Президентимиз Шавкат Мирзиёев тәрепинен ортаға қойылған **социаллық, мәнаўий-мәрипий салалардағы жумысларды жолға қойыў бойынша бес айрықша баслама** үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

Өзбекстан Республикалық Руўхый-ағартыўшылық орайы басшысы Президентимиз, Қарақалпақстан Республикалық Кеңестиң баслығы Жоқарғы Кеңес баслығы екенлиги, областлардағы Кеңеслер баслығы Ҳәкимлер болыўы бугинги кунде бул салаға оның мәмлекетимиз сиясатындағы қандай жоқары дәрежедеги орынға ийе екенлигин көрсетип турыпты. Бугинги кунде Карақалпақстан республикалық Мәнаўият мәрипет Кенеси, оның үгит- нәсият орайы (баслығы белгили мәмлекетлик ғайреткер, илимпаз-педагог Атамуратов Татлымурат) басшылығында табыслы унамлы жумыслар алып барылмақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев мәнаўий-мәрипий тәрбияның әҳмийетин ҳәм мазмунын көрсетип **«Биз мәнаўият ҳәм мәрипет жумысларын ўатансүйиўшилик иси, ҳүждан иси деп билемиз. Ҳүждан, мәнаўияты бар инсан Ўатанды әлбетте жақсы көреди. Ҳүждан, мәнаўият дегенимиз – халыққа, Ўатанға шын жүректен хызмет етиў деген сөз»** – деген еди.

Мәнаўий-мәрипий реформалар саласындағы табыслар менен бир қатарда бүгинги күнде бул салада реформалардың нәтийжелилигине тосқынлық етип атырған бир қатар системалы машқалалар сақланып қалып атырғанлығын есапқа алынып 2021-жыл 26-мартта Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтың «Мәнаўий-мәрипий жумыслар системасын түп-тийкарынан жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы қарары қабыл етилди. Қарарда мәнаўий-мәрипий жумысларды түп-тийкарынан жетилистириўдиң бағдарлары, Республикалық мәнаўият-мәрипет орайының қосымша ўазыйпалары белгиленди. Бунда мәмлекет органлары ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер менен бирге ислесиў, илимий изертлеў ҳәм үгит-нәсиятлаў бағдарындағы ўазыйпалар көрсетилди. Қарар бойынша ҳәр бир улыўма тәлим мәкемелеринде жәмийетлик-мәдений мәселелер бойынша үгит-нәсиятлаўшы лаўазымын қаржыландырыў мәселелери көрсетилген. Жоқары билимлендириў мәкемелери ҳәм олардың филиалларында студентлер санына қарамастан жаслар мәселелери ҳәм мәнаўий-мәрипий жумыслар бойынша проректор (директор орынбасары) лаўазымы енгизилди. Барлық район ҳәм қалаларда Мәнаўият ҳәм мәрипет орнын шөлкемлестириў 2021-2022-жылларында оларды шөлкемлестириўдиң мәнзилли дизими тастыйықланды.

2021-2022-оқыў жылынан баслап жоқары билимлендириў системасының тийисли тәлим бағдарларының оқыў режелерине бакалавриат басқышында «Мәнаўияттаныў», магистратура басқышында «Кәсиплик мәнаўият» пәнлериниң киргизилиўин ҳәм магистратура тәлим басқышында «PR - менеджер» қәнигелиги бойынша кадрлар таярланыўы жолға қойылыў белгиленди.

Қарарда үгит-нәсиятлаў бағдарындағы ўазыйпалар төмендегише белгиленген:

Жақсылық ҳәм адамгершилик принципине тийкарланған миллий идеяны үгит-нәсиятлаў, мәнаўий-мәрипий жумыслардың тийкарғы бағдарларын белгилеў;

Тараўлар ҳәм аймақлардың өзине өзгешеликлерин инабатқа алған ҳалда, анық мақсетке бағдарланған үгит-нәсият бағдарламаларын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў;

Халықты, әсиресе, жасларды ислам дини ҳәм философиясына, басқа да диний конфессияларға ҳүрмет-иззет ҳәм кеңпейиллик руўхында тәрбиялаў, миллетлераралық татыўлықты ҳәм өз ара меҳир-мүриўбет орталығын және де беккемлеў бойынша мәнаўий-мәрипий илажларды асырыў.

Қарарда 2021-2023-жылларда мәнаўият ҳәм мәрипет орайларының имаратларын қурыў ўазыйпасы белгиленген. Мәҳәллелерде ҳәм шөлкемлердиң биналарында мәнаўият ҳәм мәрипет бөлмелерин шөлкемлестириў, оларды әдебият ҳәм баспа сөз материаллары менен тәмийинлеў белгиленген.

Президентимиздиң бул қарарының қабыл етилиўи журтымызда барлық орынларда, әсиресе, жаслар арасында мәнаўий тәрбияны кескин жақсылаўға, мәнаўий-мәрипий жумысларды түп-тамырынан жетилистириўге хызмет етеди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың 2021-жылғы Олий Мажлиске Мүрәжаатнамасында 2021-жылды мәмлекетимизде **«Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы»** деп жәрияланыўына байланыслы жаслар арасында тәлим-тәрбия, мәнаўият ҳәм мәрипет саласындағы жасларға тийисли жаңа ўазыйпаларды анық белгилеп берди.

Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев жақында ғана Өзбекстан тарийхында биринши мәртебе мәмлекетимиз мектеплерин питкериўши ул-қызларымызға жоллаған қутлықлаўында атап көрсетилгениндей, **«Қысқа ўақыт ишинде тәлим тизиминде әҳмийетли өзгерислер әмелге асырылғаны, атап айтқанда «Жаңа Өзбекстан – мектеп босағасынан басланады» деген шақырық тийкарында мектеп тәлимин раўажландырыў улыўма халықлық ҳәрекетке айналды».** Атап айтқанда, соңғы төрт жылда 134 жаңа мектеп қурылды, 2965 мектеп реконструкция қылынды. 56 математика, 28 химия-биология, 14 хабар технология пәнлерине қәнигелестирилген мектеплер ашылды. Усы жыл сентябрь айынан баслап 14 физика ҳәм 207 шет тиллери бойынша усындай мектеплер ашылады. Перзентлеримизге 800ден аслам мәдeният орайларында 4,5 мыңнан артық догереклер хызмет көрсетпекте. Китап қумарлық мәдениятын асырыў мақсетинде 201 хабар-китапхана орайларында китаплардың саны 25 миллионға жеткерилди. Елимизде 140 аслам жоқары оқыў журты, 339 кәсип-өнер мектеби, 193 коллеж ҳәм 196 техникум жасларымызға хизмет етпекте. Соңғы бес жылда бакалавриат басқышында 134 тәлим бағдары, магистратурада 147 қәнигелик жаңадан шөлкемлестирилди. Усы оқыў жылынан баслап халықаралық талаплар тийкарында ислейтуғын **Жаңа Өзбекстан университети** ашылды.

Президентимиз шаңарақ, мектепке шекемги тәлим, мектеп ҳәм жоқары тәлим ҳәм де илимий-мәдений шөлкемлерде болажақ Үшинши Ренессанстың ең әҳмийетли буўынлары деп жәриялады ҳәм олардағы және мәҳәллелердеги тәлим-тәрбия жумысларының «жол картасын» көрсетип берди десек, әйне ҳақыйқатлықты айтқан боламыз.

Президентимиз алға қойған ўазыйпаларды орынлаў, мәнаўий-мәрипий жумыслардың сапасын заман талапларына сай жетилистириў айрым шөлкем ямаса мәкемениң ўазыйпасы ғана емес, ал ҳәммемиздиң халқымыз алдындағы әдиўли ўазыйпамыз.